

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Book fair festival 2025 nan Miyami Yon bèl jounen, yon bon laprè midi Otè: Jonathan Thermidor

Festival sila a se yon pòtwa, yon bèl lide, yon moman kè kontan, kote tout koulè twal, tout koulè moun, tout bèl jès ak tandrès te rasanble pou valorize kilti ayisyen an nan divès kalte dimansyon.

Timoun yo te la nan zafè pa yo, yo t ap naje nan bèl fabrik penti ak tanbou, granmoun t ap monte desann , gade liv, tande mizik , chita tande, danse kole, achte manje lokal, gade pasipala bèl abiman, pale , koze youn ak lòt sou liv, sou tablo, sou penti, sou sinema, sou teyat ak tout lòt atizay ki fè Ayiti se yon peyi grandèt nan domèn atistik ak istorik.

Book fair festival 2025 lan se 11yèm kout kanno ki tire nan Miyami , ki reprezante 11yèm ane lavi , koneksyon ak pataj Ayisyen k ap viv nan dyaspora ak tout etranje foyapòt ki pa janm rate randevou sila a depi jou a rive.

Dimanch 4 Me 2025 sa a soti 11è nan maten pou rive 6è nan laprèmidi nan Sant Kiltirèl ayisyen yo si w pa te la, ou te pèdi.

Kisa ki te nouvote nan 11yèm kout kanno sila a ?

Jan Mapou ak Jessica Fièvre ki se 2 majòjon aktivite sila a te pale sou mwa eritaj kilti Ayisyen an ki toujou fèt nan kominote ayisyen Mayami an depi lane 2001. Festival sila a, ki se yon bèl tras nan lavi pèp ayisyen an, rive fèt ankò ane sa a gras ak “Sosyete Koukouy” ak *Miami book fair* ki pote kole pou dans lavi sila a .

Jessica Fièvre pale sou bèl mizik, bèl chante sou tradisyon melanje ak modènite, klas yoga pou ede moun yo resantre yo, jwe oslè, pèzèl ki montre bèl kote sou Ayiti, atelye pou aprann timoun yo moun enpòtan nan kilti ayisyen an, tout bagay ki raple nou istwa nasyonal peyi nou. Kidonk, Se yon festival ki selebrev liv , lang, literati , kilti e ki bay tout moun, timoun yo sitou, yon opòtinite san parèy pou yo rankontre otè yo , pale avèk yo , tire kont , li istwa , bat tanbou ...Se te yon moman bèl anbyans nan sant kiltirèl ayisyen an nan Ti Ayiti.

Jan Mapou pale sou mwa sila a kòm mwa ki reprezante richès ak bèlte kilti pèp ayisyen an. Li di tou se mwa ki reprezante listwa ak rezistans pèp ayisyen an. Aktivite sila a louvri ak yon bèl ekspozisyon liv nan divès kalite lang...Majòjon an ajoute pou li di: festival sa a espesyal gras ak nouvote ki genyen nan sijè imigrasyon k ap fè aktyalite e ki afekte kominote ayisyen an sou plan ekonomik, sosyal, edikatif e ki menm mete avni anpil fanmi ayisyen an danje nan USA. Pou sa yo te envite anpil ekspè pou yo vin esplike kijan aplikasyon lwa imigrasyon fonksyone nan peyi Etazini. Yon lòt bò, Jan Mapou esplike nesosite pou amatè liv ak tout lòt ayisyen konsekan pote kole nan yon dimansyon lajman laj pou sove lavi kominote ayisyen an nan *Little Haïti* ki sou wout disparèt si pa gen dispozisyon nesèsè ki pran pou anpeche sa rive.

Kiki Wainwright, ki se powèt, chantè, womansye epi manm Sosyete Koukouy nan Miyami, prezante woman li an “Melani” (2024) nan okazyon sila a pa kache satisfaksyon li, lè li di: depi anviwon 10 lane moun tout laj pa sispann pleziye aktivite sila a pandan tout ane egzistans li . Pou li, se moman pou nou kontinye fè pwomosyon lang kreyòl la, ki se lang ki simante tout Ayisyen ansanm. Se okazyon tou pou tout otè vin prezante zèv yo pou yo fè konnen yo epi ofri tèt yo bay piblik la pandan y ap pale sou zèv yo. Pou womansye a, festival sila a akote liv y ap prezante, se moman tou pou nou ekspoze kilti ayisyen an nan tout fòm: nan mizik, nan teyat, nan literati, nan chan... Se yon meli melo, kote gen liv pou timoun aprann konnen otè yo, epi viv reyalyite kiltirèl ayisyen an.

Pascale Milien Faustin << **Choublak kreyòl** >>, avèk anpil souri, pale sou aktivite sila a ki se yon bèl vwayaj, ki montre kalite pouvwa kilti ayisyen an genyen pou li rasanble moun kèlkeswa diferans laj ak lang yo pale. Anplis , senpati, amitye, bouyon kilti, otè ki sòti toupatou bay yon melanj, yon miksaj bèlte ki sipòte kilti ayisyen an nan divès dimansyon. Abiman elegan, koulè twopikal , dans folklorik, yon dekò ki byen chita. Tout sa se divès kalite detay otè pwovèb kreyòl ayisyen an pale de yo nan aktivite gran panpan sa a Sosyete Koukouy ak Miami Dade ofri nan 11yèm edisyon festival foli liv la . Choublak Kreyòl tou envite piblik la avèk bèl vwa li ki pa te sispann chame yo, pou yo vin patisipe nan douzyèm edisyon an k ap gen anpil chalè.

Roger Lirburd ak Jean Emmanuel Prophète bò kote pa yo fè yon rapèl sou kilti ayisyen an. Pou Roger Liburd apati divès fòm reprezantasyon Ayiti, peyi a demontre li genyen resous pou li fè faskare avèk tout lòt kilti sou latè. Ayisyen kapab sove tèt li avèk tout konpetans nou genyen yo. Nou dwe travay pou nou genyen yon kominote ki fò ki pou reyini, pale epi defann enterè kolektif pèp ayisyen an nan dyaspora a. Li tou mande pou nou esplwate bèl kilti nou an ki se yon fòm ekspresyon lavi ak koulè , yon eritaj ak pataj. Jean Emmanuel Prophète raple nou Ayiti se yon peyi inik, malgre pwoblèm ak touman nou rete debou, nou rete vivan. Li envite nou devlope solidarite pou nou kontinye ekri pi bèl paj listwa toupatou sou latè.

Pa gen dout nan sa , 11yèm edisyon book fair festival foli liv sila a, se yon lòt ki ajoute sou tout lòt bèl edisyon ki fèt yo e ki pwouve nesosite pou piblik la vin patisipe pandan anpil lòt ane ankò.

Nou li anpil liv sou gramè kreyòl la. Majorite ladan yo, se pa tout non, chita prensipalman sou gramè tradisyonèl la. Nou rete kwè, avèk seri tèks J-R. Placide pral kontinye prezante nou sou gramè kreyòl la, selon dimansyon modèn regleman gramtikal yo, lektè yo nou yo pral jwenn bon jan limyè. Nou swete J-R. Placide kenbe konpa a pou li itilize yon langay tout moun, ekspè kou itilizatè regilye, va konprann. (Remak ekip redaksyon paj la)

Gramè kreyòl ayisyen an: tip fraz, modalizatè fraz ak oksilyè fraz

Otè: Jean-Robert Placide

Manm Sosyete Koukouy nan Kanada

Manm Akademi Kreyòl Ayisyen

Entwodiksyon

Mo lang kreyòl yo, tankou mo nan tout lang sou latè,

se siy lengwistik segmantal, ni aloral, ni alekri. Gwoup mo kreyòl yo divize an 2 gran kategori: mo leksikal ak mo gramatikal. Yo chita anndan yonn osnon plizyè klas mo nan lang lan epi yo gen yonn osnon plizyè fonksyon gramatikal. Lokitè a konbinen klas mo yo ak divès fonksyon mo yo genyen, pou li konpoze gwoup sentaksik yo epi pou li enonse fraz li yo ak plizyè entansyon kominikasyon li genyen anvè entèlokitè li yo. [cf Ak langay yo: J. L. Austin (1962, 1970), J. Searle (1972)]. Nan sans sa a, lokitè ayisyen an fòmile diferan tip fraz li yo ak plizyè fòm. Objektif mwen avèk tèks sa a, se idantifye tip fraz yo epi eseye fè wè yon modalizatè fraz ki tradui « kòmantè» lokitè a sou fraz li a. Yon modalizatè (*modalisateur*) fraz ki esprime « relasyon konplèks » lokitè a ak enonse fraz kreyòl li a. Yon objektif segondè, pedagogik, se ajoute yon degi konesans gramatikal nan ansèyman ak aprantisay gramè kreyòl ayisyen an. Jouk jodi a, an 2025, pa gen liv gramè ki abode tipoloji fraz kreyòl yo, ni pwofesè kreyòl ki anseye etidyan yo tip fraz kreyòl ayisyen yo.

I- Tip fraz yo

An jeneral, grameryen yo di genyen 4 tip fraz ki koresponn avèk zak langay yo oswa zak pawòl yo, selon entansyon lokitè a nan direksyon entèlokitè a. Sou baz zak langay oswa zak pawòl J. L. Austin (1962) ak J. Searle (1972) obsève yo, men 4 ou 5 tip fraz kreyòl nou ka rankontre.

- Fraz deklaratif oswa asètif : lokitè a anonse oswa livre enfòmasyon bay entèlokitè a. Egzanp : Ou kriye ankò.
- Fraz entèwogatif : lokitè a poze, mande, fòmile yon kesyon bay entèlokitè a. Egzanp : **Èske** ou kriye ankò?
- Fraz enjonktif: lokitè a esprime, fòmile yon lòd, yon konsèy bay entèlokitè a. Egzanp: **Pingga** ou kriye ankò. **Fòk** ou kriye ankò.
- Fraz esklamatif oswa espresif: lokitè a tradui, esprime yon santiman. Egzanp: **Apa** ou kriye ankò ! **Ala** m pa ka kriye ankò !
- Fraz optatif: lokitè a esprime swè ak dezi li. Egzanp : **Ke (se pou)** Bondye fè ou pa kriye ankò ! **Nòt ak remak**
- Gen grameryen ki gwoupe fraz optatif yo nan fraz esklamatif yo tou. Nan sans sa a, nou ka vin genyen jeneralman 4 tip fraz.
- Tout tip fraz yo fonksyone ak yon mòfèm estèn, ki andeyò sentaks predikatif enonse a epi ki modalize tout fraz la nèt, ki se yon modalizatè fraz. Eksepte pou tip deklaratif oswa asètif la ki akonpaye ak yon mòfèm modalizatè estèn Ø, osnon ak yon makè aspè TMA zewo Ø.
- Modalizatè yo kapab estèn, tankou mòfèm modalizatè fraz yo : fòk, pinga. Modalizatè a kapab entèn tankou detèminan yo, detèminan pwopozisyon yo, detèminan fraz yo, vèb oksilyè yo, mòfèm makè TMA yo, adjektif modal yo ak prepozisyon modal yo.
- Zak pawòl la kapab enplisit, endiskrè, souzantandi, men chak tip fraz yo genyen karakteristik pa yo : deklaratif (asètif), enjonktif (enperatif), entèwogatif, esklamatif.
- I- **Modalizatè fraz ak fonksyon oksilyè fraz**

Nan kreyòl ayisyen an, nou jwenn plizyè mòfèm modal estèn ki parèt anvan Sijè fraz yo. Modalizatè fraz sa yo sèvi pou detèmine tip fraz yo. Nan leksik kreyòl la, genyen mo tankou: apa, epa, ala, men (pou tip esklamatif), pingga, fòk (pou tip enjonktif), èske (pou tip entèwogatif). Mòfèm modal estèn sa yo fòme yon klas mo ki parèt nan yon pozisyon fiks, ki toujou anvan Sijè fraz baz la, andeyò sentaks predikatif enonse.

Mwen ta ka fòmile reprezantasyon fraz global la, ansam avèk modalizatè fraz yo, selon modèl re-ekriti Léon ak Bhath (2017) pwopoze pou fraz global la: **Σ → M (modalite fraz), P (fraz baz la). P**, pou *phrase* an anglè ta gendwa **F**, pou fraz an kreyòl (cf. F. J. Graphy, 1999). Nou ta ka re- ekri li : **Σ → M (modalite fraz), F (fraz baz la).**

Mòfèm modalizatè fraz yo genyen fonksyon gramatikal (sentaksik) oksilyè fraz. Itilizatè a pa ka deplase yo, pou li ta mete yo nan yon lòt pozisyon entèn, anndan sentaks predikatif enonse fraz baz la. Mwen pwopoze rele mòfèm modal estèn sa yo : Modalizatè fraz (**M**) [Léon ak Bhatt, 2017] epi yo gen fonksyon **Oksilyè fraz**, [oksilyè enonsyasyon, Schlupp, 1997].

Mòfèm modalizatè fraz sa yo pa menm ak mòfèm modal predikatif yo. Mak modalizatè fraz yo pòte ni sou sijè a, ni sou predika a. Tandiske mak modalizatè predikatif yo gen yon pòte redui ki sou predika a sèlman. Yo anndan sentaks predikatif la, yo se **modalizatè predika** a, yo se : Oksilyè predikatif, («*auxiliaire de prédication*», D. François, 1975) ki genyen fonksyon gramatikal **Oksilyè predikatif** enonse a.

Remak sou diferans ant tip fraz ak fòm fraz

An jeneral, mwen remake nan kreyòl ayisyen an, tip fraz yo mache ak mòfèm estèn ki gen fonksyon oksilyè fraz, andeyò sentaks predikatif yo epi ki toujou parèt anvan sijè a.

Men yo konn genyen mòfèm modal entèn tou, ki ka nan lòt pozisyon anndan sentaks predikatif fraz la, ki ka chapante tip fraz yo. Epi mòfèm estèn yo ki detèmine tip fraz yo kapab konbinen avèk ou san prezans mòfèm entèn yo tou. Mwen pa bliye fenomèn pwozodik yo, tankou entonasyon, ak siy grafik yo, tankou pwen esklamasyo, pwen entèwogasyon, ki gen yon wòl siyifikatif nan detèmine tip fraz yo tou.

Tip fraz enjonktif / ak fòm enperatif / negatif/ net / anfatik

- (1) Misye **dwe** (oblige) vini. (tip enjonktif avèk mòfèm entèn, vèb oksilyè)
- (2) **Pa** foure dwèt ou nan je m ! (tip enjonktif, net, avèk mòfèm entèn, advèb negasyon)
- (3) **Pingga** misye vini. (tip enjonktif, negatif anfatik, avèk mòfèm modalizatè estèn)
- (4) **Pingga** misye **pa** vini. (tip enjonktif, negatif anfatik, avèk mòfèm modalizatè estèn epi ak fòm fraz negatif avèk advèb negasyon)
- (5) **Pingga** ou foure dwèt ou nan je m ! (tip enjonktif anfatik, avèk modalizatè estèn)
- (6) **Fòk** misye vini. (tip enjonktif anfatik avèk mòfèm modalizatè estèn)
- (7) Misye pa **dwe** vini. (tip enjonktif net avèk vèb oksilyè)
- (8) **An nou** vini. (tip enjonktif, avèk pwonon konpoze enperatif, an nou, ki gen fonksyon sijè.)
- (9) **An nou** manje mango yo ! (tip enjonktif avèk pwonon konpoze enperatif, an nou, ki nan fonksyon sijè.)
Tip entèwogatif
- (10) **Èske** Jan manje mango a? (tip entèwogatif, avèk modalizatè fraz entèwogatif) (nòt: mwen pa bliye prezans entonasyon an ak pwen entèwogasyon an tou.)
- (11) **Konbyen** mango Jan manje (konbyen mango)? (tip entèwogatif, avèk detèminan entèwogatif)
- (12) **Pouki** Jan manje mango a, (pouki)? (tip entèwogatif, avèk modalizatè fraz entèwogatif)
Tip esklamatif (ak fòm anfatik)
- (13) **Ala** m pa ka rete ankò ! (tip esklamatif, avèk modalizatè fraz esklamatif)
- (14) **Ala** mizè m ap pase ! (tip esklamatif anfatik, avèk detèminan esklamasyon) (nòt : mwen pa bliye prezans entonasyon an ak pwen esklamasyon an tou)
- (15) **Men (apa)** tanpèt la rive sou nou ! (tip esklamatif anfatik, avèk yon modalizatè fraz ki se yon prezantatif esklamatif)
- (16) **Se** tanpèt la **ki** rive sou nou ! (tip esklamatif anfatik, avèk fòmil klivay la oswa espresyon anfatik la : se ...ki)
Tip optatif
- (17) **Ke** Bondye fè ou pa soufri ankò ! (tip optatif net, avèk konjonksyon)
- (18) **Se pou** Bondye beni w! (tip optatif anfatik, avèk yon fòmil swè : se pou)
- (19) M priye Bondye **pou** li beni w ! (fòm optatif net)
- (20) Bondye beni w ! (fòm fraz optatif [*neutre*] net, avèk mòfèm Ø)
- (21) M **ta** gade w, m **ta** yas ! (fòm optatif anfatik, avèk oksilyè modal).

Konklizyon: Yon modalizatè fraz ak yon fonksyon oksilyè fraz

Mòfèm modal nan **fonksyon oksilyè predika**: ta, vle, ap, fèk, pral, annik, yo enteresan. Gen lòt mòfèm tankou prepozisyon modal nan, sou (H. Glaude, 2012) ak vèb oksilyè genlè, gendwa (P. Moles, 2024) ki trè pètinan tou. Kòm modal predikatif, yo pèmèt lokitè a presize modalite aksyon osnon eta vèb la endike a. Nan fonksyon modal predikatif yo genyen an ak nan pozisyon prevèbal yo ye a, yo pèmet nou teste epi sèvi ak lòt mo (non, adjektif, prepozisyon, advèb, entèjeksyon) pou nou ka ranplase vèb la, nan pozisyon nwayo gwoup predika (GP) a.

Mòfèm modal nan **fonksyon oksilyè fraz** tankou: ala, pinnga, men, fòk, apa, yo enteresan, kòm modalizatè fraz la. Yo pèmèt nou wè entansyon ak pozisyon lokitè a, vizavi entèlokitè li a. Pozisyon fiks modalizatè yo, pozisyon yo andeyò sentaks predikatif la, anvan Sijè a, pèmèt nou idantifye yo fasilman nan fonksyon yo kòm: **oksilyè fraz**.

Mwen swete pwopozisyon tit klas mo **Modalizatè fraz** la ak fonksyon gramatikal **Oksilyè fraz** la ap kotize nan alimante refleksyon nou sou deskripsyon lengwistik kreyòl ayisyen an. Tout sa, nan objektif pou nou dekri mo kreyòl yo, klase yo ak tout fonksyon gramatikal yo, nan liv gramè kreyòl yo, pou benefis konesans etidyan nou yo.

Jean-Robert Placide, mwa m e 2025.

P.N. (Pran Nòt) : Mwen te benefisyè remak ak kòmantè Pwofesè Georges Marcel sou tèks la. Mwen di li mèsi ! Epitou, mwen deklare mwen se sèl responsab mankman ki ta glise anndan dokiman an. (J-R Placide)

Referans

Pierre Léon et Parth Bhatt (2017). Structure du français moderne : introduction à l’analyse linguistique. Canadian Scholars’ Press, Toronto.

Glaude, H. (2013). Aspects de la syntaxe de l'haïtien. (Tèz doktora). Editions Anibwé.

Moles P. (2024). « Valeurs sémantiques de quelques auxiliaires de modalité en créole haïtien », *Archipélies* [En ligne], 17 | 2024, mis en ligne le 01 décembre 2024, consulté le 02 avril 2025. URL : http://journals.openedition.org/archipelies/2176 ; DOI : https://doi.org/10.4000/12wke